

Kontraksi Tembung Basa Jawa ing Cecaturan Masyarakat Wilayah Jombang

Sudarmanto

S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
Jukys@ymail.com

Drs. Surana, M.Hum

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

kontraksi basa Jawa isih arang kang nliti. Kontraksi minangka salah sawijine perangan saka Abreviasi. Saka perangan iku mula panliten iki njupuk mung saperangan wae yaiku kontraksi supaya luwih jero anggone nliti. Obyek panliten kang diteliti yaiku basa Jawa ngoko ing masyarakat wilayah Jombang. Wilayah Jombang iki dipilih amarga panliti minangka penutur asli saka wilayah Jombang kang luwih ngerti leksikon-leksikon mligine basa Jawa kang kena proses kontraksi ing wilayah Jombang. Undere panliten iki, yaiku (1) kepriye wujud proses kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang; (2) apa wae guna utawa fungsi saka proses kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang. Adhedhasar undere panliten iki, mula kang dadi tujuwane panliten iki, yaiku (1) njlentrehake wujud saka proses kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang; (2) njlentrehake fungsine saka proses kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang. Landhesan teori kang digunakake sajrone panliten iki yaiku gramatika transformasi utawa gramatika kang nyakup tataran-tataran tradhisional yaiku sintaksis, morfologi lan fonologi. Morfologi ngrembug babagan mujudake tembung anyar. morfologis yaiku proses mujudake tembung amarga anane afiksasi, reduplikasi lan pamejemukan. Kalebu uga guna utawa fungsi kang bisa diasilake saka proses kontraksi. Panliten ngenani proses kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang iki kalebu panliten linguistik sinkronis, amarga nliti basa kang digunakake nalika saiki. Panliten iki asipat deskriptif yaiku njlentrehake. Dhata kang dijupuk dening panliten yaiku ukara kang nggunakake tembung saka asile proses kontraksi ing basa Jawa ing wilayah Jombang. Dhata iki dikumpulake kanthi metodhe sadhap. Saka dhata kang diolehi banjur dijlentrehake kanthi teori gramatika transformasi. Teori gramatika transformasi dijlentrehake kanthi metodhe distribusional utawa agih. Sawise iku banjur disugahake kanthi formal lan informal. Wujud proses kontraksi bisa diperang dadi telung perangan, yaiku kontraksi ilange fonem ing ngarep tembung, kontraksi ilange fonem ing tengahe tembung lan kontraksi gabunge wanda saka rong tembung. Guna utawa fungsi saka asile proses kontraksi yaiku fungsi praktis. Fungsi praktis kang dimaksud yaiku praktis pangucapane saka rong wanda dadi sawanda, saka telung wanda dadi rong wanda lan saka rong tembung dadi mung satembung.

Tembung wigati : Basa Jawa, abreviasi lan kontraksi

Abstrak

Kontraksi bahasa Jawa masih jarang diteliti. Kontraksi merupakan salah satu bagian dari Abreviasi. Dari bagian itu makanya penelitian iki mengambil satu bagiannya saja yaitu kontraksi supaya lebih dalam waktu meneliti. Obyek penelitian yang akan diteliti yaitu bahasa Jawa ngoko di masyarakat wilayah Jombang. Wilayah Jombang ini dipilih karena peneliti merupakan pengguna bahasa asli dari wilayah Jombang yang lebih mengerti leksikon-leksikon khususnya bahasa Jawa yang terkena proses kontraksi di wilayah Jombang. Rumusan penelitian ini yaitu (1) bagaimana wujudnya proses kontraksi bahasa Jawa di wilayah Jombang; (2) apa saja kegunaan atau fungsi dari proses kontraksi bahasa Jawa di wilayah Jombang. Berdasarkan rumusan penelitian itu, maka yang jadi tujuan penelitian ini yaitu (1) menerangkan wujudnya dari hasil proses kontraksi bahasa Jawa di wilayah Jombang; (2) menerangkan fungsinya dari proses kontraksi bahasa Jawa di wilayah Jombang. Landasan teori yang digunakan didalam penelitian ini yaitu gramatika transformasi atau gramatika yang mencakup tataran-tataran tradisional yaitu sintaksis, morfologi, dan fonologi. Morfologi membahas tentang mewujudkan kata baru. Morfologis yaitu proses membentuk kata baru dengan adanya afiksasi, reduplikasi dan pemajemukan. Termasuk juga dalam kegunaan yang bisa dihasilkan dari proses kontraksi. Penelitian tentang proses kontraksi bahasa Jawa di wilayah Jombang ini termasuk penelitian linguistik sinkronis, karena meneliti bahasa yang digunakan pada saat sekarang. Penelitian ini juga bersipat deskriptif yaitu menerangkan. Data yang diambil dari penelitian yaitu kalimat yang menggunakan kata dari hasil proses kontraksi bahasa Jawa ing wilayah Jombang. Data dikumpulkan dengan menggunakan metode sadap. Dari data yang sudah didapat

kemudian diterangkan dengan menggunakan teori gramatika transformasi. Teori gramatika transformasi diterangkan dengan metode distribusional atau agih. Setelah itu disajikan dengan formal dan informal. Wujudnya proses kontraksi bisa dibagi menjadi tiga bagian yaitu kontraksi hilangnya fonem di depan kata, kontraksi hilangnya fonem ditengah kata dan kontraksi gabungan suku kata dari dua kata. Guna atau fungsi dari hasil proses kontraksi yaitu fungsi praktis. Fungsi praktis yang dimaksud yaitu praktis dalam pengucapannya dari dua suku kata menjadi satu suku kata, dari tiga suku kata menjadi dua suku kata dan dari dua kata menjadi satu kata.

Kata penting : bahasa Jawa, Abreviasi dan Kontraksi

PURWAKA

Proses morfologis yaiku proses kang ndadekake anane wujud tembung. Prose morfologis umume ngenani ater-ater, dwilingga, lan panyambor. Kabeh iku kang ndadekake tembung bisa digunakake ing ukara. Saliyane ater-ater lan dwilingga, proses morfologis uga bisa merga anane panyambor. Kabeh proses morfologis iku kang ndadekake wujud tembung. Saliyane proses morfologis kasebut, uga ana proses morfemis kang diarani abreviasi. Proses morfemis miturut Sastrasopadma (sajrone Adipitoyo, 2011:08) saliyan ater-ater, dwilingga, lan panyambor uga ditambahake anane wacahan lan cekakan umume kang diarani abreviasi. Abreviasi yaiku salah sawijine morfologis arupa ngilangake utawa nggabungake leksem saengga dadi tembung. Sajrone proses abreviasi iku ana singkatan, pemenggalan, akronomi, kontraksi, lan lambang huruf. Adhedhasar proses morfologis kang arupa abreviasi iku dipilih kontraksi amarga ing basa Jawa isih arang diandharake. Anane jarang diandharake amarga kontraksi isih durung akeh sing padha ngerteni. Kontraksi yaiku salah sawijine proses abreviasi kang nandhesake ing babagan *pemendekan* utawa wacahan. Dhata iki dijupuk saka ukara-ukara kang nggunakake tembung asile proses kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang. Ukara-ukara sing wis dikumpulake banjur dijlentrehna kepriye wujud kontraksine lan guna utawa fungsi kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang kanthi metodhe dhistribusional.

Adhedhasar lelandhesan panliten kang wis diandharake ing dhuwur, mula bisa didudut perkara-perkara kang bakal dionceki ing panliten iki (1) Kepriye wujud proses kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang? (2) Kepriye gunane utawa fungsi saka proses kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang? Adhedhasar punjere panliten kang bakal dionceki ing panliten iki mula panliten iki nduweni tujuan (1) Njlentrehake wujud proses kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang. (2) Njlentrehake gunane kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang. Asile panliten iki diajab nduweni paedah tumrap para maca. Asile panliten ing kene arupa andharan kang nduweni rong sipat. Sipat kang kapisan yaiku teoritis lan sipat sing kapindho yaiku praktis. Paedah teoritis ing kene mujudake asile Asile panliten iki njlentrehake babagan proses morfologise kontraksi, gunane asile saka asile kontraksi lan teges saka asile proses kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang, kang bisa menehi piguna kanggo ilmu basa Jawa, mligine babagan morfologi. Dene paedah praktis yaiku asil saka panliten iki dikarepake bisa kanggo referensi paneliti liya kang pengin nyinauni babagan basa. Paedah praktis Asile panliten iki bisa kanggo nambahi wawasan ngenani proses morfologis kontraksi ing basa Jawa dhialek Surabaya sub-dhialek Jombang. Saliyane iku uga kanggo nggampangake penelitian sabanjure. Wewatesan sajrone panliten iki digawe supaya panliten kang dilakoni Ing panliten iki diwenehi wewatesan amarga kurange kawruh panliten. Wewatesan iki dijlentrehake ing ngisor iki. Dhata panliten iki dijupuk saka ukara-ukara kang nggunakake basa Jawa dhialek Surabaya sub-dhialek Jombang. Cecaturan ngoko kang digunakake dening masyarakat Desa Kebonagung, Kecamatan Ploso, Kabupaten Jombang. Dhata iki arupa tembung-tembung kang nglakoni proses kontraksi ing basa Jawa dhialek Surabaya Sub-dhialek Jombang, banjur dhata dijlentrehake kanthi teori transformasi generatif kanthi cara kerja sistem morfologis, gunane lan tegese. Wewatesane tetembungan ing antarane yaiku (1) Tembung yaiku rerangkene swara kang metu saka jrone

tutuk lan ngemu teges, dene swara kang metu saka jrone tutu lan ora ngemu teges ora diarani tembung. Tembung minangka satuan gramatikal bebas kang paling cilik (Sasangka, 2011: 38). (2) Morfofonemik yaiku subsistem kang nyinaoni prastawa fonemis akibat proses morfemis. Proses morfofonemis diarani minangka proses perubahan fonem akibat ketemune morfem karo morfem (Ramlan, 1993: 73). (3) Abreviasi yaiku proses morfologis arupa ngilangake siji utawa luwih perangan leksem, nanging uga bisa gabungake leksem saengga ndadekake wujud anyar kang bisa diarani tembung, kang kalebu proses abreviasi yaiku singkatan, pemenggalan, akronomi, kontraksi, lambang huruf (Kridalaksana, 2008: 01). (4) Kontraksi yaiku proses pemendekan/wacahan kang ngringkes leksem dhasar utawa gabungake leksem, (Kridalaksana, 2008: 135)

METODE

Panliten iki ngenani kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang. Basa Jawa kang diteliti yaiku basa Jawa ngoko kang biyasa digunakake cecaturan karo masyarakat Jombang. Cecaturan iku banjur direkam tembung-tembung kang digunakake saka asile proses kontraksi. Saka dhata iku banjur dijlentrehna kanthi kpriye proses morfologise, gunane lan tegese tembung saka asile proses kontraksi. Panliten iki kalebu panliten linguistik sinkronis, amarga nлити basa kang digunakake neng wektu iki. Panliten linguistik sinkronis yaiku panliten basa kang ditindakake kanthi ndeleng kahanane basa ing weketu tartamtu, uga asipat deskriptif utawa njlentrehake (tandhingake Mahsun, 2005:85-86 lan Samsuri, 1991:70). Dhata kanggo panliten iki diperang dadi loro yaiku dhata primer lan sekunder (Sudaryanto, 1990: 44). Dhata primer yaiku dhata kang dijupuk saka masyarakat yaiku kanthi cara nлити langsung neng lapangan. Dhata sekunder yaiku dhata kang dijupuk saka buku, majalah, koran lan liya-liyane. Penelitian iki nggunakake dhata primer yaiku langsung diteliti neng masyarakat. Sumber dhata panliten yaiku sumber panggonan dhata kang dijupuk panliti kanggo dhata. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku tembung-tembung kang ngalami proses kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang. Tembung-tembung iku dijupuk saka cecaturane warga ing Desa Kebonagung Kecamatan Ploso Kabupaten Jombang kang nggunakake tembung asile proses kontraksi. Basa kang digunakake yaiku basa Jawa ngoko ing wilayah Jombang. Panaliten iki nggunakake telung cara panliten, yaiku Panliten iki nggunakake telung tata cara panliten, yaiku (1) tata cara panglumpuke dhata, (2) tata cara panjlentrehe dhata, (3) tata cara panyuguhe asile panjlentrehe dhata (Sudaryanto, 1986:57). Saben tata cara

iki nduweni teknik lan metodhe dhewe-dhewe, metodhe lan teknik bakal dijlentrehna neng ngisor iki.

Panliti nggunakake tata cara anggone golek dhata iki nggunakake metodhe semak. Kanthi cara nyemak cecaturan wong sing ana Desa Kebonagung Kecamatan Ploso Kabupaten Jombang, bisa dinggo jupuk dhata kang diperlokake. Panliti nggunakake metodhe semak kanggo nggolek dhata iki nduweni limang teknik, yaiku (1) teknik sadhap, (2) teknik libat cakap, (3) teknik semak bebas libat cakap, (4) teknik rekam, (5) teknik cathet (Sudaryanto, 1993:133-136). Supaya luwih cetha maneh bakal dijlentrehna ngenani teknik-teknik sajrone metode nyemak. Penliti anggone njlentrehake dhata iki nggunakake metodhe agih (Sudaryanto, 1993:13). Metode agih yaiku ngolah dhata kanthi nemokake perangan-perangane dhata banjur dianalisis kanthi nggunakake kepriye wujud proses morfologise, lan gunane tembung-tembung kang ngalami kontraksi.

HASIL DAN PEMBAHASAN

Ing kene bakal diandharake dhata kanthi gamblang, banjur dhata-dhata kasebut dijlentrehake siji mbaka siji kanggo luwih cethane. Dhata-dhata kasebut dijlentrehake kanthi merang wujud lan fungsine Kontraksi Tembung Basa Jawa ing Cecaturan Masyarakat Jombang.

(1) Wujude Proses Kontraksi Sajrone Basa Jawa ing Wilayah Jombang

Ilange wanda bisa kedaden ing ngarepe tembung, tengah lan uga ana ing mburi, kabeh iku diandharake lan dijlentrehake kanthi gamblang ing ngisor iki. (1) Kontraksi Ilange Fonem ing Ngarep Tembung. Kontraksi fonem ing ngarep yaiku ilange saperangan fonem kang kedaden ing ngarep tembung. Ilange fonem iku bisa kanthi ngilangake siji utawa loro fonem lan bisa uga luwih saka rong fonem. Kabeh kedadeyan kang ngilangake saperangan fonem ing tembung iki ora ngakibatake owahe teges saka tembung asline. Luwih cethane dijlentrehake ing ngisor iki adhedhasar ilange fonem ing ngarep tembung. Kontraksi Ilange Safonem ing Ngarep Tembung. Kontraksi ilange sa-fonem ing ngarep tembung yaiku ilange sa-fonem ing ngarep tembung amarga kanggo nyepetake anggone ngucapake tembung kasebut. Ilange fonem neng ngarep iki bisa ngilangake fonem vokal utawa uga bisa ngilangake fonem konsonan. Kontraksi ilange fonem ing ngarep tembung kaperang dadi loro, yaiku kontraksi ilange safonem vokal ing ngarep tembung karo kontraksi ilange safonem konsonan ing ngarep tembung. Kabeh mau bakal dijlentrehake siji mbaka siji ing ngisor iki. Kontraksi Ilange Safonem Vokal ing Ngarep Tembung. Ilange fonem vokal ing ngarep tembung iki khusus kanggo tembung-tembung kang diwiwiti saka fonem

vokal. Ilange fonem vokal ing ngarep iki mung kedaden sak fonem ora ana ilange rong fonem vokal. Kontraksi Ilange Safonem Konsonan ing Ngarep Tembung Ilange fonem konsonan neng ngarep tembung iki kanggo tembung-tembung kang diwiwiti saka fonem konsonan. Ilange fonem konsonan iki merga anane dhialek tartamtu kang biyasa digunakake pawongan kanggo cecaturan. Kontraksi Ilange Rong Fonem ing Ngarep Tembung Kontraksi ilange rong fonem ing ngarep tembung yaiku ilange rong fonem ing ngarep tembung amarga fonem-fonem neng ngarep ora perlu diucapake, saka ngilangake fonem-fonem neng ngarep iku wong kang dijak cecaturan iku wis mangerteni apa tegese tembung iku. Ilange rong fonem neng ngarep iki bisa ngilangake fonem vokal lan fonem konsonan neng ngarep tembung uga bisa ngilangake fonem konsonan lan fonem vokal neng ngarep tembung. Kontraksi Ilange fonem Vokal-Konsonan ing Ngarep Tembung. Kontraksi ilange rong fonem neng ngarep tembung iki bisa kedadeyan ilange fonem vokal-konsonan. Tembung-tembung kang ngalami kontraksi ilange rong fonem vokal-konsonan iki mesthi tembung kang kedadeyane saka saka rong wanda nanging ora mokal bisa uga saka rong wanda. Kontraksi Ilange fonem Konsonan-Vokal ing Ngarep Tembung. Kontraksi ilange rong fonem kang kedadeyan saka ilange fonem vokal-konsonan wis dijilentrehake, banjur neng kene arep dijilentrehake ilange fonem konsonan-vokal ing ngarep tembung. Tembung-tembung kang ngalami kontraksi ilange rong fonem konsonan-vokal iki mesthi tembung kang kedadeyane saka rong wanda nanging ora mokal bisa uga luwih saka rong wanda. Kontraksi Ilange Telung Fonem ing Ngarep Tembung. Kontraksi ilange telung fonem ing ngarep tembung yaiku ilange telung fonem ing ngarep tembung amarga fonem-fonem neng ngarep bisa ora perlu diucapake, saka ngilangake fonem-fonem neng ngarep iku wong kang dijak cecaturan iku wis mangerteni apa tegese tembung iku. Ilange telung fonem neng ngarep iki bisa ngilangake konsonan, konsonan lan vokal neng ngarep tembung. Kontraksi Ilange patang Fonem ing Ngarep Tembung. Kontraksi ilange patang fonem ing ngarep tembung yaiku ilange patang fonem ing ngarep tembung amarga fonem-fonem neng ngarep bisa ora perlu diucapake, saka ngilangake fonem-fonem neng ngarep iku wong kang dijak cecaturan iku wis mangerteni apa tegese tembung iku. Ilange patang fonem neng ngarep iki bisa ngilangake konsonan, vokal, konsonan lan konsonan neng ngarep tembung. (2) Kontraksi Ilange Fonem ing Tengah Tembung. Proses kontraksi ora mung ana ilange fonem ing ngarep tembung nanging uga bisa kedaden saka ilange fonem ing tengahe tembung. Kontraksi fonem ing tengah tembung yaiku ilange fonem kang kedaden ing tengah-tengahe tembung. Ilange fonem ing tengah tembung iki uga bisa kedaden saka ilange sak

fonem utawa luwih saka siji. Fonem-fonem kang ilang iku bisa arupa fonem konsonan, fonem vokal, bisa uga kedaden ilange rong fonem neng tengah arupa ilange fonem konsonan-vokal lan uga bisa arupa ilange fonem vokal-konsonan. Kontraksi Ilange Safonem ing Tengah Tembung Kontraksi ilange safonem ing tengah tembung yaiku ilange fonem ing tengah tembung bisa arupa fonem konsonan lan uga bisa arupa fonem kang kedaden ing tengah-tengahe tembung. Kontraksi ilange fonem ing tengah tembung iki bisa kawujud amarga pawongan kang nuturake kangelan anggane ngucapake tembung lan uga bisa merga anane dhialek kang ndadekake ora padha karo tembung sing baku kasebut. Kontraksi Ilange Safonem Vokal ing Tengah Tembung. Kaya kang wis dijilentrehake saduruge kontraksi ilange fonem ing tengah bisa kedaden ilange fonem konsonan lan uga bisa kedaden ilange fonem vokal. Ilange safonem vokal ing tengah iki kawujud amarga anane dhobel vokal kang bisa ngakibatake angel anggane maca. Kontraksi Ilange Safonem Konsonan ing Tengah Tembung. Saliyane ilange fonem vokal ana ing tengahe tembung uga ana ilange fonem konsonan ana ing tengahe tembung. Ilange fonem konsonan iki ora mung konsonan-konsonan tartamtu kang bisa ilang nanging kabeh konsonan bisa ilang ing tengahe tembung. Kontraksi Ilange Rong Fonem ing Tengah Tembung. Kontraksi ilange fonem ing tengah ora mung bisa kedaden saka ilange safonem nanging uga bisa ngilangake rong fonem. Ilange rong fonem ing tengah tembung uga padha bisa kedaden saka ilange fonem vokal-konsonan lan uga bisa saka ilange fonem konsonan-vokal. Kontraksi Ilange fonem Vokal-Konsonan ing Tengah Tembung. Ilange rong fonem vokal-konsonan ing tengahe tembung iki bisa kedadean ing tembung kang kawujud saka rong wanda utawa bisa uga luwih saka rong wanda. Tembung kang kerep bisa diilangake rong fonem ing tengah iku paling akeh kawujud saka telung wanda, nanging ora mokal yen tembung sing kawujud saka rong wanda uga bisa ngalalami kontraksi ilange rong fonem vokal-konsonan ing tengahe tembung. Kontraksi Ilange fonem Konsonan-Vokal ing Tengah Tembung. Ilange rong fonem konsonan-vokal ing tengahe tembung iki ora gampang ditemokake. Kontraksi iki angel ditemokake amarga akehe tembung. Kontraksi Ilange Telung Fonem ing Tengah Tembung. Kontraksi ilange fonem ing tengah ora mung bisa kedaden saka ilange safonem lan rong fonem nanging uga bisa kedaden ngilangake telung fonem. Ilange telung fonem ing tengah tembung uga padha bisa kedaden saka ilange fonem konsonan-vokal-konsonan. (3) Kontraksi Gabunge Wanda saka Rong tembung. Saliyane kontraksi kang ngilangake fonem-fonem ing ngarep lan ing tengah tembung, uga ana kontraksi kang nggabungake wanda saka rong tembung.

Tembung kang digabungake iku uga asale saka ilange wanda saka rong tembung iku banjur wanda-wanda kang isih digunakake digabungake dadi siji banjur mujudake tembung anyar. Tembung anyar saka asile kontraksi gabunge wanda iki uga ora nuwuhake teges anyar, tegese ora owah nanging diringkes. Gabungane tembung-tembung iki bisa kedaden saka tembung apa wae kang kerep digunakake karo masyarakat ing wilayah Jombang. Gabunge wanda bisa kadhapuk saka tembung, Kontraksi Gabunge Wanda saka Tembung Ancer-ancer lan Tembung Aran, Kontraksi Gabunge Wanda saka Tembung pitakon lan Tembung Keterangan, Kontraksi Gabunge Wanda saka Tembung Keterangan lan Tembung Keterangan. Kontraksi Gabunge Wanda saka Tembung Ancer-ancer lan Tembung pitakon, Kontraksi Gabunge Wanda saka Tembung Keterangan lan Tembung Kriya. Kontraksi Gabunge Wanda saka Tembung Keterangan lan Tembung Aran. (2) Fungsi Praktis sajrone Proses Kontraksi. Fungsi kang diduweni saka asile proses kontraksi iki ora padha kaya fungsi semantis biyasane. Fungsi semantis kerep gandheng karo limang perkara yaiku jejer, wasesa, lesan, panggenah lan keterangan. Fungsi semantis iku kabeh yen disambungake karo asile proses kontraksi iki kaya-kaya ora gandheng, mula saka iku panliten nduweni pamikiran yen fungsi saka asile proses kontraksi iki luwih gandheng diarani fungsi praktis. Fungsi praktis kang dimaksud dening panliten yaiku praktis anggone ngucapake tembung-tembung saka asile proses kontraksi. Praktis bisa gandheng saka pangucapane rong wanda dadi sawanda, telung wanda dadi rong wanda, malah bisa rong tembung dadi satembung, nanging kabeh iku ora ngowahi teges. fungsi praktis bisa diperang dadi telu yaiku; Praktis saka Rong Wanda dadi Sawanda Tembung-tembung kang sabenero kedaden saka rong wanda pangucapane bisa direngkes dadi sawanda amerga saka asile proses kontraksi ilange wanda/fonem kang ndadekake tembung iku ora wutuh nanging ora ngowahi tegese asline. Praktis saka Rong Wanda Dadi Rong Wanda. Tembung-tembung kang sabenero kedaden saka telung wanda pangucapane bisa direngkes dadi rong wanda amerga saka asile proses kontraksi ilange wanda/fonem kang ndadekake tembung iku ora wutuh nanging ora ngowahi tegese asline. Praktis saka Rong Tembung dadi Satembung. Tembung-tembung kang sabenero bisa ngadeg dhewe ing sajrone ukara iki bisa diringkes dadi satembung tanpa ngowahi tegese. Tembung-tembung kang diringkes dadi siji iki uga nduweni fungsi praktis yaiku saka rong tembung dadi satembung lan uga bisa diarani saka patang wanda dai rong wanda, merga wanda-wanda saka tembung-tembung iku ana sing diilangi. kedaden saka rong tembung dadi siji utawa saka patang wanda dadi rong wanda iki uga

amerga saka asile proses kontraksi ilange wanda/fonem kang ndadekake tembung iku ora wutuh nanging ora ngowahi tegese asline.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar bab II wis diandharake yen kontraksi yaiku ngringkes leksem utawa gabungake leksem. Saka pangerten iku ing panliten iki kontraksi bisa diandharake kanthi ilange fonem ing ngarep tembung, ilange fonem ing tengahe tembung lan gabungane saka rong tembung dadi satembung. Ilange fonem ing ngarepe tembung iku banjur diperang maneh dadi patang perangan yaiku kontraksi ilange safonem ing ngarep tembung, kontraksi ilange rong fonem ing ngarep tembung, kontraksi ilange telung fonem ing ngarep tembung lan kontraksi ilange petang fonem ing ngarep tembung. Kontraksi ilange safonem ing ngarep tembung bisa diperang maneh dadi rong perangan yaiku kontraksi ilange safonem ing ngarep tembung lan kontraksi ilange rong fonem ing ngarep tembung. Kontraksi ilange safonem ing ngarep tembung bisa diperang maneh dadi loro yaiku kontraksi ilange safonem vokal ing ngarep tembung lan kontraksi ilange safonem konsonan. Kontraksi ilange rong fonem ing ngarep tembung uga bisa diperang maneh dai loro yaiku ilange konsonan-vokal lan ilange vokal-konsonan. Kontraksi ilange telung fonem ing ngarep tembung iki anane mung ilang konsonan-konsonan-vokal. Padha uga karo kontraksi ilange patang fonem ing ngarep tembung uga mung ana siji yaiku ilange fonem konsonan-vokal-konsonan-konsonan. Kontraksi ilange fonem ing tengahe tembung iki diperang dadi telung perangan yaiku kontraksi ilange safonem ing tengahe tembung, kontraksi ilange rong fonem ing tengahe tembung lan kontraksi ilange telung fonem ing tengahe tembung. Kontraksi ilange safonem ing tengahe tembung iki bisa diperanga maneh rong perangan, yaiku kontraksi ilange safonem vokal ing tengahe tembung lan ilange safonem konsonan ing tengahe tembung. Kontraksi ilange rong fonem ing tengahe tembung bisa diperang maneh dadi rong perangan yaiku kontraksi ilange fonem vokal-konsonan ing tengahe tembung lan ilange fonem konsonan-vokal ing tengahe tembung. Saliyane wujud kontraksi kang ngilangake fonem ing ngarep lan tengahe tembung, asile proses kontraksi bisa diwujudake anane gabungane tembung. Gabungane tembung kang dimaksud yaiku gabunge rong tembung kanthi ngilangake saperangan wanda-wandane banjur digabung dadi siji kang mujudake tembung anyar. Gabungane tembung-tembung kang mujudake tembung anyar kanthi nyuda wandane iku bisa ditemokake yaiku gabunge wanda saka tembung ancer-ancer lan tembung aran, kontraksi gabunge wanda

saka tembung pitakon lan tembung katerangan, kontraksi gabunge wanda saka tembung katerangan lan tembung katerangan, kontraksi gabunge wanda saka tembung ancer-ancer lan pitakon, kontraksi gabunge wanda saka tembung katerangan lan tembung kriya, kontraksi gabunge wanda saka tembung katerangan lan tembung aran. Saliyane saka perangan wujud saka asile kontraksi, kontraksi uga nduweni fungsi. Fungsi kang bisa sambung kaliyan saka asile proses kontraksi yaiku fungsi praktis. Fungsi praktis kang bisa ditemokake saka asile prose kontraksi yaiku anane fungsi praktis pangucapane satembung sing kedaden saka rong wanda dadi mung sawanda, saka telung wanda dadi rong wanda, lan saka rong tembung bisa dadi mung satembung.

Pamrayoga

Panliten kang wis ditindakake iki mung nliti proses kontraksi basa Jawa ing wilayah Jombang kang ngandharake lan jlentrehake aspek wujud lan fungsi ing ragam ngoko. Panliten ngenani kontraksi ing basa Jawa iki isih durung ana kang nliti. Saliyane iku isih akeh proses-prose liyane kang meh padha kaya kontraksi kalebu perangane abreviasi sing durung tau ditliti. Panliten kang wis ditindakake iki muga bisa dadi bahan kanggo nyampurnakake panliten kang arep ditindakake. Simpulan menyajikan ringkasan dari uraian mengenai hasil dan pembahasan, mengacu pada tujuan penelitian. Berdasarkan kedua hal tersebut dikembangkan pokok-pokok pikiran baru yang merupakan esensi dari temuan penelitian.

KAPUSTAKAN

- Adipitoyo, Sugeng. 2011. *"Morfofonemik Bahasa Jawa"*. Surabaya: Citra Wacana
- Alwasilah, A. Chaedar. 1985. *Beberapa Madhap dan Dikotomi Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa
- Chaer, Abdul. 2007. *Linguistik Umum*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Djajasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik Ancangan Metode Penelitian Dan Kajian*. Bandung: PT Eresco.
- Mahsun, MS. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik Edisi Keempat*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Poedjosoedarmo, Soepomo, dkk. 1979. *Morfologi Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Ramlan, M. 1985. *Morfologi*. Yogyakarta. C.V Karyono
- Ramlan, M. 1967. *Penyusunan Tata Bahasa Struktural*. Dalam Yus Rusyana dan Samsuri. (Editor). Pedoman Penulisan Tata Bahasa Indonesia.

Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa

- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa-Jawa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Sudaryanto, Ed. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Suwadji, dkk., 1986. *Morfosintaksis Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Samsuri. 1991. *Analisis Bahasa*. Jakarta: Erlangga
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2010. *Unggah-ungguh Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Gama Media
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramanlingua
- Uhlenbeck. 1982. *Kajian Morfologi Bahasa Jawa*. Surabaya: Djambatan
- Verhaar, J.W.M. 2001. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Wedhawati, dkk., 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius